# Адыгэ литературэмкIэ тест

**Акъсырэ Залымхъан 11 класс.**

**1. Акъсырэ Залымхъан:**

а) тхакIуэщ

б) усакIуэщ

в) драматургщ

г) щIэныгъэлIщ

**2. Акъсырэм и Iэдакъэ къыщIэкIащ цIыхубэм ягу кьинэжа пьесэхэр:**

а) "Лашын"

б) "Къанщобийрэ Гуащэгьагърэ"

в) "Андемыркъан"

г) "Тыргьэтауэ"

**3. "Даханагъуэ" пьесэм и темэ нэхъыщхьэщ:**

а) Насып щIэкъуныр арщ насыпыр

б) ЦIыхур зэралъытэр и Iэужьщ

в) Бэм и фIыгъуэм щIэкъурщ фIыгъуэ зыхуэфащэр

**4. "Даханагъуэ" пьесэр:**

а) IуэрыIуатэр льабжьэ зыхуэхъуащ

б) Езы драматургым къигупсысащ, къигъэщIащ

в) ЗэдзэкIа тхыгъэщ

**5. Къэув къару фIыцIэхэм Джэримэс щIатекIуам и щхьэусыгъуэщ:**

а) Къару ин зэрыхэлъыр

б) Пори къызэрыщышынэр

в) Ищхьэ закъуэ насып лъыхъуэркъым.

**6. Анэм Джэримэс гъуэгу техьэну хуейтэкьым, абы сыткIи пэрыуэрт:**

а) И къуэ закъуэр фIы хуэзэм», фIэфIтэкъыми

б) ГъэпщылIакIуэхэмрэ лIыжьхэмрэ яфIэлIыкIырти

в) ЩIалэр хэкIуэдэнкIэ шынэрти.

**7. Унагъуэ къулейм къыхэкIа Кэзибан къыхуамыдэ пэтми, къызэрыгуэкI Iэхъуэр фIыуэ щIилъагъур:**

а) ЩIалэ дахэт, зэкIужти

б) Хабзэ, нэмыс хэлъти,

в) Насыпыр къыIэрыхьэмэ, фIыуэ дэпсэунути,

г) И унафэм щIэту игъэпсэун и гугъэти

**8. Адыгэ IуэрыIуатэм пыщIэныгъэ зыхуаIэ пьесэхэщ Акьсырэм и пьесэ цIэрыIуэхэу**

а) "Лашын";

б) ИстэмбылакIуэ",

в) Хьэмидрэ Кязимрэ";

г) ГъащIэм папщIэ

**9. Бэр дахэ, шэрыуэ зыщI Iэмалхэм щыщу сыт хэфлъагъуэрэ мы едзыгъуэм**

а) метафорэ

б) метонимие

Б) зэгъэпщэныгъэ

Домбей выщIэу укьаруми

ХьэкIэкхъуэкIэр дыптекIуэнщ.

Уи Iэпкълъэпкъыр жыру щытми

Си Iэбжьанэм къыгуитхъынщ.

**I0. Даханагъуэ и лъыхъуакIуэ псом Джэримэс нэхъ къыщIыхихар:**

а) И теплъэкIэ игу ирихьырти

б) Ищхьэ закъуэкIэ фIыти

в) Бэм я лIыкIуэти

**11. Даханагъуэ фIыуэ дигъэлъэгъун папщIэ драматургым къегъэсэбэп**

а) литературнэ портрет дахэ;

б) характеристикэ

в) фантастичнэ Iыхьэхэр.

**I2. Анэм и къуэм папщIэ Кэзибан кьыщIыхихым и щхьэусыгъуэщ**

а) Унагъуэ къулейм къызэрыхэкIар:

5) И къуэр фIы дыдэу къызэрилъагъур;

в) И лъагъуныгъэм епцIыжыркъым, абы щIобэныфыр.

**I3. Кэзибанрэ Анэмрэ Джэримэс и Iуэхур зэрыдамыIыгъыр къыхэкIащ:**

а) Джэримэс яфэкIуэдынкIэ шынагъуэ зэраIэм,

б) Iуэхум и пэжыпIэр зэрамыщIэм;

в) Джэримэс и гъащIэр дауэ хъуми языхуэдэу зэрыщытым.